


Icigwa ca 13 co kuwa 28 Ruheshi 2025



IHEREZO MU
MASHUSHO





“Arabishura, ati Nd'
Umuheburayo, nubaha
Uhoraho, Imana Nyen'
ijuru, yaremye ikiyaga
n'i musozi.” Yona 1:9




Igitabo ca Yona na Daniyeli ikigabane ca 5 bitwerekaka amashusho abiri ahushanye, ariko yuzuzanya, y'ibintu bizoshika mu gihe c'iherezaho.

Ninewe yaronse umuhamagaro wo kwihana biciye ku muhanuzi w'umunyamakenga, maze irakizwa agatikizo.

Babuloni yaragabishijwe incuro nyinshi, ariko amaherezo yanka Imana maze irakomvumvurwa.

Imbere y'umuhero, hazoba akamo gakomeye, umuhamagaro uhambaye w'ukwihana. Bamwe bazokwihana, nka Ninewe; abandi bazoguma ari intabarirwa, nka Babuloni. Igihe Yesu Umwami/Umukiza azoba aje, uzoba uri mu murwi uwuhe?



Amashusho ya Ninewe:



Intumwa.



Inyishu ku butumwa.



Amashusho ya Babuloni:



Ikibano gifise ingorane.



Iherezo ritunguranye.



Umwami w'umukiza.



AMASHUSHO YA NINEWE



INTUMWA

"Nk'uko Yona yabaye ikimenyetso ku Banyaninewe, ni k'Umwana w'umuntu azoba ku b'iki gihe." (Luka 11:30)

Yesu yagereraniye ivyo yacyiyemwo n'ivya Yona, naho nyene hari itandukaniro rigaragara (Mt. 12, 40-41).

Yona

Ntiyashaka kuja i Ninewe ngo ayirokore.

Yamaze imisi 3 mu nda y'urufi kubera ivyaha vyawe.

Yesu

Yaje ku bushake mw'isi yacu kugira ngo adukize.

Yamaze imisi 3 mu mva kubera ivyaha vyacu.

Hariho kandi ibintu bigaragara bisa n'ivyo Yona yacyiyemwo be n'ivyo mu bihe vy'iherezo.



Yona

Ikoreshwa ry'ijambo Umuremyi: "nubaha Uhoraho, Imana Nyen' ijuru, yaremye ikiyaga n'i musozi." (Yona 1:9)

Umuhamagaro wo kwihana : "Bahindukiye, bakareka inzira yabo mbi" (Yona 3:9-10)

Imburi yerekeye ukurimbuka: "Hasigaye imisi mirongwine, Ninewe hagakomvumvora." (Yona 3:4).

Mu gihe c'iherezo

Ikoreshwa ry'ijambo Umuremyi: "Nimu senge uwaremye ijuru n'isi n'ikiyaga n'amasoko y'amazi" (Ivyah. 14:7).

Umuhamagaro wo kwihana: "Babuloni yaraguye, [...] Nimuyivemwo, bantu banje" (Ivyah. 14:8; 18:4).

Imburi yerekeye ukurimbuka: "Na we azonywa kuri vino, ni yo burake bw'Imana" (Ivyah. 14:9-10)."



INYISHU KU BUTUMWA


"Abagabo b'i Ninewe bazovana hasi n'ab' uru runganwe ku musu w'amateka, babatsindishe: kuko bihannyeye aho bumviye ubutumwa buvuzwe na Yona; kandi raba, uruta Yona ari hano." (Matayo 12:41)


Igitabo ca Yona kiduha gusa incamake y'ubutumwa bwarungitswe i Ninewe: "Hasigaye imisi mirongo ine, Ninewe hagakomvomvorwa" (Yona 3:4). Ariko ukuntu Abanyaninewe bavyakiriye be n'uko Yona ubwiye yavyifashemwo, vyose vyerekana ko vyarimwo n'ubushobozi bwo kwirinda ukwo gutikizwa (Yona 3:9; 4:2). None ivyo nyene vyoshobora gushika no ku butumwa bw'imvura bwa nyuma? Mbega birashoboka ko umuntu wese yihana, Imana ntisambure umubumbe wacu?



Hazobaho benshi bihana. Ariko ugutikizwa kwa nyuma ntigushingiye ku ngingo y'urunganwe rumwe. Ico Imana izorandura ni ikibi.

Nk'uko ubuhanuzi bumenyesha ukuza kw'Umukiza butagira ico busaba, n'ubwerekeye ukurandurwa kw'ikibi na bwo nyene ntibushingiye ku vyangombwa vyuzuzwa. Ikibi gitegerezwa gukurwaho.





AMASHUSH O YA BABULONI



IKIBANO GIFISE INGORANE

"ariko winantaje ku Mwami Nyen' ijuru, uzanirwa ibintu vyo mu ngoro yiwe, kugira ngo wewe n'abaganwa bawe n'abamikazi bawe n'incoreke zawe z'intoni mubinyweremw' ibiturire; maz' uhimbaza imana z'ifeza n'iz' izahabu n'iz' imiringa n'iz' ivyuma n'iz' ibiti n'iz' amabuye, zidashobora kubona canke kwumva canke kumenya; arikw Imana Rurema ifise impwemu zawe mu kuboko kwayo, ari yo igaba inzira zawe zose, ntiwayihaye icubahiro." (Daniyeli 5:23)

Amaherezo, Ninewe yarasubiye mu vyaha vyayo, iratikizwa mu kwiyinga n'Abamedi hamwe n'Abanyababuloni. Haciye igihe gitoyi, Babuloni yaracitse ubwami bw'isi yose butagira aho bugarukira. Nebukadineza yiyeguriye Imana araheza aratera imbere. Ariko abamukomotseko bari bafise intege nke, maze ubwami bukurikira. Ariko, Damiyeli yari wibukije, Belushaza yari azi ivyashikiye Nebukadineza kandi yararonse akaryo ko kumenya Imana nk'uko nawe yabikoze (Dan. 5:18-23). Ariko...


Yarirengagije ivyashikiye Nebukadineza

**Yarateye
akagere
Imana ku
mugaragararo.**

**Yakoresheje
mu buryo
buhumanye
ibikoresho
vyo mu
Rusengero**


**Yasenga
izindi mana
imbere
y'Imana
nyene**

Ikizokwisungwa mu gukizwa canke gucirwa urubanza si ubumenyi dufise ku Mana, ahubwo ni inyishu dutanga kuri ubwo bumenyi.




IHEREZO RITUNGURANYE

"Mbarira idamba, nti Kama, kandi nzokamya inzuzi zikujamwo; mvuga ivya Kuro, nti N'umwungere wanjye, azoshitsa ivyo ngomba vyose; nkavuga ivya Yerusalemu, nti Hazokwubakwa; nkabarira urusengero, nt' Itanguriro ryawe rizoshirwaho." (Yesaya 44:27-28)




Biciye kuri Yesaya, Imana yaramenyeshaje ingene Babuloni izokomvomvoka kugira ngo ikure Isirayeli mu buja. Yaranamenyeshaje umuntu azoshira mu ngiro ico gikorwa (Yes. 44:27-28).

Kuro yakoze urugomero kugira ngo uruzi Efurate rugabanuke. Ingabo ziwe zinjirana mu ruzi, zisanga igisagara kiri mu minezero. "mur' iryo joro nyene Belushaza umwami w'i Bukaludaya aricwa." (Dan. 5:30).



Icago ca gatandatu ca nyuma gisubiramwo ico kintu nyene: ugukama kw'uruzi Efurate gutegura ukuza kwa Yesu (Ivyah. 16:12).

Babuloni yo muri iki gihe izotungurwa kuko ata n'umwe azoba maso. Nta n'umwe azoba arindiriye Umwami wiwe. Bazoba bafashe ingingo yo kutamwizera ahubwo bagasenga ibishushanyo vyakozwe n'abantu (Ivyah. 16:14).




UMWAMI W'UMUKIZA

"Ibi ni vyo jewe Uhoraho mbgira uwo narobanuje amavuta, ni we Kuro, uwo mfashe ukuboko kw'i buryo, kugira ngo nsiribange amahanga imbere yiwe, kandi nzokenyurura inkindi z'abami, kugira ngo ndamwugururire inzugi imbere yiwe, kand' amarembo ntazokwugarirwa:" (Yesaya 45:1)

Ikintu gitangaje cane ku bijanye n'ubuhanuzi bwerekeye Kuro ni uko bwita umwami w'umupagani "uwarobanuwe." Ikindi, arahabwa uburanga busanzwe ari ibwa Yesu : Umwungere; umukiza wa Isirayeli; umwubatsi w'Ingoro; uwugurura ntihagire uwugara; uwumenyekanisha Imana (Yes. 44:28-45:7).

Bibiliya y'igiheburayo irangizwa n'igitabo ca 2 c'Ingoma (ntabwo ari Malaki). Iki gitabo gisozerwa n'itegeko rya Kuro ryo gusubira kwubaka urusengero. Isezerano Rishasha ritangura n'ukuza kwa Yesu, uwo na we yari gutuma urwo Rusengero nyene rugira ubwiza (Hag. 2:7), kandi we, ikirenze ivyo, yatanguje Urusengero rufise ubwiza kuruta kure: Urusengero rwo mw'Ijuru (Heb. 9:24).

Ivyo vyose bituma Kuro aba ikigereranyo ca Kristo. Ivyo vyose vyari vyaravuzwe kuri bompi vyarasohoye. Turashobora kwizigira ko Imana izoshitsa n'amasezerano ataraja mu ngiro.



“Amateka y'amahanga avugana na twe uyu musu. Kuri buri hanga ryose n'umuntu wese Imana yabiteguriye ikibanza mu mugambi wayo uhambaye. Uyu musu abantu n'amahanga bariko barageragezwa n'inkoni y'icuma iri mu kuboko kwa wa Wundi atigera yibesha. Buri wese arafata ingingo igenga iherezo ryabo, kandi Imana iriko irayobora vyose kugira ngo imigambi yayo iranguke.

Ubuhanuzi NDIHO mukuru yatanze mw'ijambo ryiwe, buhuza ingingo ku ngingo uruhererekane rw'ibintu bishika, kuva mu bihe bidahera muri kahise gushika mu bihe bidahera muri kazoza, buratubwira aho turi uno musu mu rukurikirane rw'ibihe n'ivyo twoshobora kwitega mu gihe kizoza. Ivyo ubwo buhanuzi bwose bwavuze ko bizoshika, gushika n'ubu, vyaranditswe ku mpapuro z'amateka, kandi turashobora kwizigira yuko ivyo vyose bizoshika bazoranguka nk'uko bikurikirana.”